Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 30 (6550) 12 июнь 2017 с. Итни Рамазан 1438 с. Багьа 5 гъур.



БАРКИЯЛ

## Баркула Россиялъул къо!

### 12 июнь – Россиялъул Федерациялъул суверенитеталъул хIакъалъулъ декларация къабул гьабураб къо

**ТIолалго районцоязда ракI - ракIалъ баркула нилъер пачалихъияб байрам – Россиялъул къо.**

Гьеб байрамалъ бихьизабула нилъер улкаялъул цолъи, гьайбатаб букIинеселде божилъи. Гьединго халкъалда бихьизабуна Россиялъул Конституциялъ тасдикъ гьабураб демократиялъул, эркенлъиялъул, ритIухълъиялъул тIадегIанлъи.

Гьеб къоялъ рагьана Россиялъул тарихалъул цIияб гьумер. Нилъер улка лъугьана эркенлъиялъул ва демократиялъул къучIалда общество гIуцIиялъул нухде.

12 июнь – Россиялъул къо, Россиялъул киналго миллатазего гIадин, дагъистаниязеги, нилъер районалъул гIадамазеги лъугьана пачалихъалъулаб байрамлъун ва Россиялъул миллатал цолъун рукIин загьир гьабулеб къолъунги. Гьелда абула эркенлъиялъул, ракълил ва разилъиялъул байрам абун.

Божула, Россиялъул киналго гражданазго гIадин, бакълъулазги Россия тIегьараблъун, къуватаблъун лъугьиналъе кваербакъизе букIиналда. Гьарула щивасе щулияб сахлъи, гьарулел ишазулъ лъикIал хIасилал, рукъалда баракат, талихI, рекъел, рекIее парахалъи, разилъи.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

## Баркула миграционнияб хъулухъалъул хIалтIухъабазда

**Миграционнияб хъулухъалъул хIалтIухъабазда ракI-ракIалъ баркула гьезул профессионалияб байрам - миграционнияб хъулухъалъул хIалтIухъабазул къо. Гьеб кIодо гьабула 14 июналда.**

Гьарула гьеб жавабияб ва гIадамазе хIажатаб хъулухъалъул Гумбет территориалияб пункталда хIалтIулезе рохел, сахлъи, халатаб ва баракат бугеб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Хъутаналда -нухал къачIай, электромухъалъе ремонт гьаби, артскважина бай...

### Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатас гIадамал къабул гьаруна

**Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул бакIал раялъул, коммуналияб магIишаталъул, транспорталъул ва бухьеналъул рахъалъ Комитеталъул гIадамал чIолел минабазулгун коммуналияб магIишаталъул подкомитеталъул председатель НурмухIамад ГIалиевас гIадамал къабул гьаруна Гумбет районалъул гочинабун гIи-боцIи хьихьулеб Бабаюрталъул зонаялъул Нарыш хъутаналда.**

Халкъияб Собраниялъул депутатасухъе вачIана «Элита» ООО-ялъул генералияв директор **Беки ХIадисов**, борхана гIияхъанлъи цебетIезабиялъе субсидиял ричаялъул суал. ХIажалъулел киналго материалал хIадурун хадур, Гумбет районалъул администрациялъ ДРялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул Министерствоялде битIизе буго хадубккун халгьабизе депутатасул запрос.

Щабдухъ росдал бетIер **АхIмад Набигулаевас** загьир гьаруна росдал гIадамазе рагIалде рахъинаризе бокьун



бугел суалал: хъутаналда росулъе нух къачIай, 5 км. манзилалда электромухъалъе ремонт гьаби, артскважина бай. Гьел суалал тIуразе Гумбет районалъул администрациялдаса рачIинаруна хIажатал документал.

Данухъ росдал бетIер **МухIамад КъурбангIалиевас** рорхана Данухъ-Архъабаш росдада тIасан бугеб тIадегIанаб къуваталъул токалъул мухъ цогидаб бакIалдасан бачин, гьенибго 1,5 км. манзилалда нухде хъил тIей, лъималазул ах рагьиялъул хIакъалъулъ суалал. Депутатас лъикIаблъун бихьизабуна электромухъ цогидаб бакIалдасан бачине ккеялъул хIакъалъулъ хасаб хитIаб «МРСК Северного Кавказа» ПАОялъул генералияв директор Зайцев Юрий Викторовичасул цIаралда хъвазе. Лъималазул ах рагьизе ихтиаралъе бакI балагьиялъул суалалъул халгьабизе буго, нухде хъил тIеялъул хIакъалъулъ суал тIасияб соналде босизе къотIи гьабуна.

Аргъвани росдал администрациялъул бетIерасул заместитель **ГIабдула МухIамадовас** гьарана хъутаналда лъел канал бацIцIиналъе ва лъималазул ах рагьиялъе квербакъи гьабеян. НурмухIамад ГIалиевас лъикIаблъун бихьизабуна лъел канал къачIай халкъияб къагIидаялда гьабизе, лъималазул ах рагьиялъул суал Гумбет районалъул администрациялда гьоркьоб лъезе.

**(Ахир -кIиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Чвахун цIадал ран хадуб нух къан букIана

-2 гьум.



Порталалда хъвай - хъвагIай гьабуна 3313 чиясул

-2 гьум.



Къалам бегIерав журналист, шагIир ва печаталъул хIаракатчи

-3 гьум.



Централияб библиотекаялда данделъи

-4 гьум.

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Чвахун цIадал ран хадуб нух къан букIана

**ТIоцебесеб июналда чвахун цIадаз, республикаялъул кIвараралъул «Аракани – Сагъри» нухде гамачI - ракь бачIун, ЧIиркъатIа росдада аскIобегIан нух къан букIана. КIкIабатIалъ цебехун автотранспорт бачине бегьулеб хIал гьечIолъиялъ, кIиябго рахъалъ гIемерал машинаби чIун хутIун рукIана.**



Районалъул нухазул хъулухъалъул нухмалъулев **ГIалимчилав ГIалимчилаевас** абуна чвахун цIадаз мугIруздаса босун бачIараб кIкIабатIалъ бацун букIанин республикаялъул кIвараралъул гьеб нухалъул 48 абилеб километр. Нухазул хъулухъалъул хIалтIухъабаз ва гьезие шоферзабаз кумек гьабиялъ, нух рагьизе кIванин цIад бай гьоркьоб къотIун хадуб.

«Гумбетовское ДЭП - № 10» ОАОялъул бетIерав инженер **ГIабас МухIамадовас** бицана чвахун цIадалъ хьил тIураб нухалъе, нухлул рагIаллъабазда щулалъиялъе гьарурал къадазе зарал гьабунин, нухлул рагIаллъабазда лъурал блокал иххица анин. ТIабигIияб балагьалъул хIасилалда кьураб зарал рукIалиде ккезабиялъе, нухда автотранспорт хIинкъи гьечIого хьвадиялъе шартIал гIуцIулел ругин.

**«Гумбет» РИО**

# Хъутаналда -нухал къачIай, электромухъалъе ремонт гьаби, артскважина бай...

**(Байбихьи -тIоцебесеб гьум.)** Депутатас къабул гьарураз борхана лъалъадизе лъим гIолеб гьечIолъиялъул суалги. ГIалиевас абуна «Мильмелиоводхоз РД» ФГБУялъулгун дандбан бакIалъул администрациялъ гьеб суал тIубаялъе нухал ралагьизе.

ГIадамаз гьединго рорхана хъутаналда мелъелдерил ва цIилкъадерил росабазда гьоркьоб бугеб нух къачIаялъул, ЦIияб ЦIиликь лъималазул ах рагьиялъул, магIишатазе лъалъадизе лъим гIураб къадаралда чIезабиялъул, Нарыш хъутаналда бугеб клубалъул мина ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул Министерствоялъул балансалде босиялъул, ветеринарияб участкаялда хIалтIухъабазул къадар цIикIкIинабиялъул, машинабазулгун тракторазул станция щула гьабиялъул хIакъалъулъ суалал.

Щивав къабул гьавурасулгун Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевас ракI рагьараб гарачIвари гьабуна, хIаракат бахъана гьезул суалазе чIван къотIарал жавабал кьезе. Киназго цереλъурал суалазул халгьабизе буго. Депутатас гьедин хIалтIи кидаго гIуцIула ва кIвар кьола росабалъ яшав гьабулезул масъалаби тIураялде.

Гьанибго тIаде жубазе бегьула, Игьали росдал гIадамаз ГIалиевасда гьарун букIана ахал лъалъазе лъим бачине рогIрал щвеялъе кумек. НурмухIамадица бакIалъул администрациялъе гьеб мурадалъе кьуна 250 мм. диаметралъул 200 метр рогIразул.

**ДРялъул Халкъияб Собраниялъул Аппаратальул информациялъулабгун аналитическияб отдел**

ЦЕБЕТIЕЯЛЪУЛ НУХДА

# Порталалда хъвай - хъвагIай гьабуна 3313 чиясул

## Росабазул поселениязул бутIрузул ва гьезул заместителазул данделъи

**Гумбет районалда тIобитIана росабазул поселениязул бутIрузул ва гьезул заместителазул, гьединго районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъабазул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъалъул порталалдаса пайда босиялъул централ районалъул росабалъ рагьиялъул хIакъалъулъ суал.**

Данделъи рагьана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас.** Гьес абуна гьаб тадбиралъул аслияб мурад кколин гIадамазулъ электронниияб къагIидаялдаса пайда босизе бажари камиллъи. Пачалихъиял хъулухъазул порталалда гражданазул хъвай-хъвагIай гьабиялъ рес кьола рокъоса къватIире рахъинчIого электронниияб къагIидаялда муниципалиял ва пачалихъиял хъулухъал тIуразе. Росабазул бутIрузда тIадаблъун гьабуна хъвай-хъвагIай гьабиялъе чIезарурал планалъулал тIадкъаял тIуразаризе.

Хадув кIалъазе вахъарав районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **РурухIма Халидовас** абуна районалда порталалда хъвай-хъвагIай гьабун бугин 3313 чияс, лъагIалил ахиралде 6894 чияс гьабизе кколин, гьездасан администрациязда 3830, МФЦялъул базаялда 3064 чияс.



МФЦялъул филиалалъул нухмалъулев **ГIумар МухIамадовас** бицана пачалихъиял хъулухъазул порталалда гражданазул хъвай-хъвагIай гьабулеб къагIидаялъул. Абуна цогояб порталалда гражданазе 511 хъулухъ щвезе рес бугин.

Районалъул администрациялъул бетIерав специалист **Шамил Салатгереевас** данделъиялда гIахьаллъаразда бичIчIизабуна пачалихъияб хъулухъалдаса пайда босулезе хъулухъалъе централ рагьиялъул къагIида.

**«Гумбет» РИО**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# «Дагъистаналъул тIабигIат – лъималазул бераздалъун»

## Бакълъулазул кьурдухъаби республикаялъулаб фестивалалда

**Дагъистан Республикаялъул культураялъул управлениялъгун ва администрациялъгун, Халкъазда гьоркьосеб лъималазул цIуниялъул къоялъул хIурматалда, тIобитIана республикаялъул лъималазул художественнияб творчествоялъул анлъабилеб фестиваль.**



«ГьитIинал магIарулал» байрамалде ракIарун рукIана наслабаз наслабахъе кьолел умумузул гьунарал цIунарал дагъистаниял.

Лъималазда байрам баркун кIалъай гьабуна МухIачхъала шагьаралъул мэр **Муса Мусаевас.** Гьес лъималазде хIитIаб гьабуна гьудуллъиялда, вацлъиялда рукIаян, эбел-инсул, учительзабазул адаб гьабеян, заман пайдаяб хIалтIи тIубалаго инабеян, маданиял гIадатазул къимат гьабеян.

Кьуди-кечI гуребги, фестивалалда гIуцIун букIана лъималазул суратазул «Дагъистаналъул тIабигIат – лъималазул бераздалъун» абураб выставка. Гьеб сайгъат гьабун букIана Россиялда экологиялъул, Дагъистаналда Каспиялъул сонасе.

Фестивалалда церерахъана Дагъистаналъул районазул ва шагьаразул искусствоялъул школазул, лъималазул творческиял рукъзазул гIисинал гьунарчагIи. Тахшагьаралда тIобитIараб байрамалда гIахьаллъана Гумбет районалъул искусствоялъул школалъул нухмалъулев **ГIабдурахIман Абулмуслимовгун** «ГьитIинал магIарулал» кьурдухъабазул кьокъа. Районалда тIоритIарал тадбираздаго гIадин, гьел кьурдухъабаз тахшагьаралдаги махщел, гьунар бихьизабуна. Гьезул церерахъиназе балагьараз лъикIаб къимат кьуна.

Фестивалалъул аслияб мурад букIана лъимал цолъизари, гьезул дунял рохалилаблъун, хIинкъи гьечIеблъун лъугьинаби, гьел ВатIан хириялльун, умумузул гIадатал, жидерго маданият ва мацI бокьулеллъун кучай.

Халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул къо бакълъулазул росабалъги кIодо гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Пушкинил къо

**4 июналъ Килалъ росдал маданияб централда гьабуна тематикияб вечер «Арал къарнабазул къадруяв шагIир» абураб цIаралда гьоркь Россиялда А. С. Пушкинил къоялда ва гIурус мацIалъул цIаралда хурахараб.**

5 июналъ ТIолгодунялалъул тIабигIат цIуниялъул къо бугелъул, вечералда лъималаз цIалана Пушкинил тIабигIаталда хурхарал кучIдул. Вечералда гIурусазул адабияталъул классик А. Пушкинил ва гьесул творчествоялъул бицана библиотекаялъул заведующая **Гъумайзат Запировалъ.** Гьесул творчествоялъул бугеб кIвараралъул бицана гIурус мацIалъул учитель **МухIамад МухIамадовас**. Вечералда махщалида Пушкинил кучIдул рикIкIана цIалдохъаби ПатIимат ГIумарасхIабовалъ, Чакар ХIажимухIамадовалъ ва Муслим ТIагьаевас. ТIабигIат цIуниялда хурхун А. Пушкинил асаразул бицана маданияб централъул директорас.

**Исрапил Заирбегов**

«ГУМБЕТ» БАСМАЯЛЪУЛ БЕТIЕРАВ РЕДАКТОР. «ГУМБЕТ» ГАЗЕТАЛЪ 65 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Къалам бегIерав журналист, шагIир ва печаталъул хIаракатчи

**Гьарадирихъа ХIамзат ГIизудинов**

**ХIамзат ГIизудинов гьавуна 1981 соналда Гумбет районалъул Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ. ТIокIлъигун росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, 1999 соналда цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияб факультеталъул журналистикаялъул отделениялде. БагIараб дипломалда тIадегIанаб цIалул заведение лъугIидал, гьев восана аспирантураялдеги.**

1999 – 2004 сонназда «ХIакъикъат» газеталъул мухбирлъун, 2004-2007 соназ «Ассалам» газеталъул жавабияв секретарлъун хIалтIана. 2007 соналдаса хадувги хIалтIана «ХIакъикъат» газеталъул цIехрехалъул отделалда. Гьелдаго цадахъ тIубазабуна «Эркенлъи» радиоялъулги «Настоящее время» басмаялъулги мухбирлъиялъул хIалтIи. 2004 соналдаса Россиялъул журналистазул Союзалъул член ккола.

Дунялалъул адабияталъул классик М. А. Шолохов гьавуралдаса 100 сон тIубаялда хурхун, гьесул ватIаналда, Ростов областалъул Вешенское станицаялда 2005 соналъул 29 – 30 сентябралда тIобитIараб Россиялъул гIолохъанал литераторал» абураб форумалда Дагъистаналъул вакиллъун вукIана ГIизудинов. Гьединго республикаялъул цIаралдасан гIахьаллъана 2009 соналъул 17-20 маялда Краснодаралда тIобитIараб «Литературияб Кавказ – гIакъилзабазул хIасратаб рагIи» абураб хъвадарухъабазул диалогалда. Гьебго соналъул 2-13 ноябралда Швециялъул журналистазул махщел камил гьабиялъул «ФОЙО» институталдаги цIалун, халкъазда гьоркьосеб журналистикаялъул дипломги кьуна ГIизудиновасе.



2011 соналъ гIахьаллъана Северияб Кавказалъул гIолилазул форумалда («Машук – 2011»).

ГIизудинов информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулевлъун хIалтIизе вачIана 2013 соналъул сентябралда. Газета цIалулезда бихьула кинаб хиси, цебетIей «Гумбет» газеталъул ккарабали, гьев бетIерав редакторлъун хIалтIизе лъугьаралдаса. Гьесда заман батула тIахьал хъвазеги, газета берцинаблъун, цIализе гьира балеблъун лъугьинабиялда тIад хIалтIизеги. КъватIибе биччана ХIамзатил «Авар рухI» абураб тIехь, кучIдул рахъана цогидал авторазулгун цадахъаб тIехьалда, «Дагъистан» журналалда.

Гьес кIудияб хIалтIи гьабулеб буго Гумбет район машгьурлъизабиялъе. «ЧIагоял гьурмал. Гумбет районалъ цIалулел руго Инхоса ГIалихIажиясул кучIдул» проектгун гIахьаллъана Москваялда тIобитIараб ТIолгороссиялъул «ГIисинал шагьаразул ва росабазул культурияб мозаика» абураб конкурсалда. Гьениб бергьенлъи босиялъе, районалъул жамгIияб гIумруялъулъ жигараб гIахьаллъиялъе, хIалтIуде ракIбацIцIадаб бербалагьиялъе, тIадегIанаб махщалие гIоло «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ Баркалаялъул кагъат кьуна.

ХIалтIулъ росарал тIадегIанал хIасилазе гIоло щвана Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул ХIурматалъул грамота, магIарул миллиябгун маданияб автономиялъ магIарул мацI, маданият ва тарих цIуниялъе гьабураб хIалтIухъ кьуна чанго нухалда баркалаялъул кагътал.

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ

# Бакълъулал талихIалъул нухдасан, Игьалиб кочIол ва поэзиялъул байрам, минаби рай...

**45 сон цебеккун щиб хъвалеб букIараб Гумбет районалъул «Вождасул васиятал» газеталда**

### Халкъияб лъайкьеялда

Росабалъ хIалтIулеб буго 34 гIаммаб лъайкьеялъул, гьелдасан 6 гьоркьохъеб, 7 микьгосонил ва 21 байбихьул школа. Гьенив цIалана араб соналда 3629 цIалдохъан гьездасан 1 - 4 классазда 2494, 5 - 8 классазда 986, 9 - 10 классазда 143 цIалдохъан.

ГIаммаб лъайкьеялъул иш лъикI буго цо-цо школазда. Соналдаса соналде камиллъулеб буго учительзабазул махщел. 1972 соналда бихьизабун буго гIаммаб лъайкьеялъул школазда 3859 цIалдохъан цIализавизе, гьездасан – 1- 4 классазда 2582, 5 - 8 классазда 990, 9 - 10 классазда 159 чи. Халатрахъинарурал группабазда цIализе вуго 410 цIалдохъан, заочниял школаздайин абуни 310 чи. Лъималазул ахазда хъулухъ гьабизе буго 75 лъимералъе, интернатаз гьорлъе вачине вуго 240 цIалдохъан.

### Сахлъи цIуниялда

Районалда хIалтIулеб буго цо районалъул, 2 участкаялъулаб больница. Гьенир ругел койкабазул къадар бахуна 90 ялде. Росабалъ буго 18 фельдшеразулгун акушеразул пункти. Райбольницаялъ койка-кьоялъул план 116 проценталъ тIубазабуна, гьеб Игьали участкаялъул больницаялда 99,8, Инхо участкаялъул больницаялда 89,6 проценталъ тIубазабуна.

1972 соналда захIматчагIазе хъулухъ гьабизе буго 90 койкаялъ, гьелдасан райбольницаялда 45, Гьоркь Инхо участкаялъул больницаялда 20, Игьали участкаялъул больницаялда 25 койкаялъ, 18 фельдшеразулгун акушеразул пункталъ ва санэпидстанциялъ.

### КочIол ва поэзиялъул байрам

22 июлалда Игьали росулъ тIобитIана магIарул кочIол ва поэзиялъул байрам. Гьенир гIахьаллъана Гумбет районалъул гурелги, Хунзахъ, ЛъаратIа, ЧIарада, Гъуниб, Хьаргаби, Болъихъ, ГIахьвахъ, Унсоколо, ЦIумада, Казбек ва цогидалги районаздаса гьалбал, Дагъистаналъул поэтал, хъвадарухъаби, кочIохъаби, композиторал.

Байрам тIобитIана сверун рохьги бугеб тIабигIат берцинаб ГIачIила байданалда. Гьенире рачIана Дагъистаналъул халкъияв поэт Расул ХIамзатов, композиторал Ян Френкель, Ширвани Чалаев, поэтесса Машидат Гьайирбегова, Ташкенталъул операялъул ва балеталъул балетмейстер Инна Горнина, ДАССРалъул культураялъул министр ХIажи ХIамзатов ва гIемерал цогидалги.

**А. МухIамадов**

### Пачалихъалъе гьан

МелъелтIа росдал Тельманил цIаралда бугеб колхозалъ пачалихъалъе гьан бичулеб буго. Гьанжеялде гьеб магIишаталъ пачалихъалъе бичана 297 центнер гьанал. Колхозалъ гьан къабул гьабулеб пунктalде кватIичIого кьезе буго куйдузул цойги хассаб рехъенги. ГьабсагIат гьезие хъулухъ гьабулеб буго гIухьби У. ИсмагIилхIажиевас ва З. УхIумагIалиевас.

### Москваялда цIалулел руго

Ракь багъариялдаса хадуб кутакалда цебетIуна бакълъулазулги Москваялъул № 70 школа-интернаталъулги хурхен-бухьен. Гьениб Гумбеталъул лъималазда кIиабилеб рукъ батана. Москваялдаса районалде щвана школалъул директор Л. И. Архипкина, воспитательница Г. З. Прахт. Гьел дандчIвана лъималазул умумулгун.

Исанаги нилъер лъимал гьенир цIалулел руго.

**А. Къадиев**

### ЦIияб идара

Гумбет районалда исаналъизегIан букIинчIо халкъалъе юридическияб хъулухъ гьабулеб идара – юридическияб консультация. Гьебги хIисабалде босун Дагъистаналъул адвокатазул коллегиялъул президиумалъ нилъер районалда рагьун буго юридическияб консультация. Гьеб идараялъ хъулухъ гьабула районалъул захIматчагIазе, организациябазе ва общественниял гIуцIабазеги. Районалъул юридическияб консультациялъул заведующийлъун хIалтIулев вуго ХIажи СагIидов. Гьес хъвала гIадамазул мурадал тIуран судалде, административиял органазде ва гь. ц. гIарзаби, судалде материал кьолеб бугони, гьелъиеги гьес кумек гьабула, рукIине кколел документал хIадуриялъе.

**Ж. ХIамидов**

### 120 бацI чIварав

Гьарадирихъ росулъа Сулейман Маликовасул гIумру ана бацIазда хадуб. Гьес чIвана гьанжелъизегIан 120 бацI.

Гьал къоязда Маликов вачIун вукIана МелъелтIе кIиго бацIил цIокоги босун ва 6 моцI бараб кIиго бацIил тIинчIги бачун. Гьезухъ Сулеймание 284 гъурущ щвана. Гьелде гьорлъе уна бацIал чIваралъухъ Маликовасе кьураб сайгъатги ва цIаказзухъ щвараб гIарацги.

**М. ГIабдулкаримов**

### Колхозалъе кумек

ГIагараб росдал Энгельсил цIаралда бугеб колхозалъе картошка бахъизе кумек гьабуна Ингишо микьгосонил школалъул цIалдохъабаз. Гьез 2 тонна картошкадул бахъана ва складалде щвезабуна.

**Гь. ГIалиев**

### ЧIиркъатIа минаби

Ракь багъариялъул квачарилъи ккараб ЧIиркъатIа росдал гIадамаз ралел руго цIиял минаби. Бан лъугIана ясилиялъул цо бутIа. Гьеб ишалда жигаралда хIалтIулел руго АхIмад МухIамадов ва ГъазимухIамад МухIамадов.

Жидеего цIиял минаби рана ХI. МухIидиновас, М. Шихмирзаевас, А. МухIамадовас, гьединго минаби ралел руго ГI. ГIабдулаевас, Р. МухIамадовас, К. ХIадисовас.

Хасал гIадамаз минаби раялъул хIалтIи росулъ гьоркьоса къотIичIого унеб буго. Ракь багъариялъул хIасилалда росдал гIадамазе пачалихъалъ гьабуна кIудияб квербакъи. Гьезие кьуна бесдалъи гьабураб пачалихъияб къарз ва гIемераб хьарщи-цIулги.

**ХI. МухIамадбакъиров**

### Халкъалъе нигIмат

МагIарулазе кутакалда бокьула ламадур. Гьеб лъикIаб буго чорхол лугбал церетIеялъеги. Мелъелдерица жидерго хурзабахъ анкьумумулъаго бекьулаан гьеб кьибил кваналеб культура ва гьеб гIадат хвезе течIо колхозалъги.

Цересел соназ гIадин исанаги Тельманил цIаралда бугеб колхозалъ Энчедахаб абулеб магьилъ бекьун букIана гьеб. ЗахIматчагIи рахьун колхозалъ ламадурил бачIин бакIарана ва гьеб гIадамазе бичана.

**Ж. ГIалиев**

### ЦIалдохъабазул махщел

«Бажари бугел кверал» абураб кружокалъул гIахьалчагIи Аргъвани гьоркьохъеб школалъул 8 аб. классалъул цIалдохъаби ГьайирбегГIабдулхIалимовас ва МухIамад Шигьабудиновас станокалъул кумекалдалъун металлалдаса ва батIи-батIияб кьер бугел тамахал цIурдуздаса гьарула шарикалъул авторучкаби. Гьанжеялде гьез чанго цIалдохъанасе жидецаго гьарурал ручкаби сайгъат гьаруна.

**ГI. Бияхъаев**

### Росабалъ цIиял бакIал ралел руго

1970 соналъ ккараб ракь багъариялдаса хадур районалъул росабалъ гIемераб хIалтIи гьабулеб буго цIиял бакIал раялъул рахъалъ.

ЦIилъулел руго бакълъулазул росаби. ГIицIго ахирияб соназ росабалъ бана 14 цIияб бакI, гьелдаго гьоркьоб 9 хъорщол школа, гьениб буго 720 цIалдохъанасе бакI. Гьебго заманалда росабалъ хIалтIизе кьуна 1600 квадратнияб метраялъул гIатIилъиялъул гIадамал жанир чIолел рукъзал, 3 росдал клуб, 2 росдал Советалъе мина, 25 тукен. Бан лъугIана АТСалъе цIияб минаги.

**А. ГIалиев**

КЪАЛМИЛ ХIАЛБИХЬИ

# Дагъистан



Гъава-бакъ рекъараб, къимат цIикIкIараб,
Дие мун бокьула, дир ракь, Дагъистан.
Къураби гIадинал сси бугел васаз
Сверун ккураб улка, кунчIе, Дагъистан!

Хъвадарухъабазул пасихIлъиги- дулъ,
ХIамзатов Расулил кIодолъиги -духъ!
Шамил имамасул гучаб къуватги,
Гугарухъабазул бергьенлъабиги.

Умумузул гIадат, гIамал рехичIеб,
Миллатал гIемераб, гIакълуялъ цIураб.
ЦIвабзазде бахараб борхатаб дур цIар
КунчIаги кидаго гьаб ракьалда тIад!

**Макка Ахкубегова,**
**МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 7 «а» классалъул**

БАРКАЛА КЬОЛЕБ БУГО

# КъваригIел ккун рачIаразул тIалабал хехго тIуралел

**Дун мех-мехалда ккола Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбет районалъул МелъелтIа бугеб отделалде къваригIелалъ. Бицунебги ратIун букIана, дидагоги бихьана гьенир хIалтIулезул санагIалъи, тIаде рачIаразул къваригIел хехго тIубазе гьез бахъулеб хIаракат. Гьедин хIалтIизе Аллагьас хIал кьеги киназего.**

Баркалаялъе мустахIикъал хIалтIухъаби руго гьеб коллективалда хIалтIулел киналго, гьоркьоса цониги чи вахъичIого. ОПФРялъул отделалъул нухмалъулев **ТIалхIат Жамалудиновасул** бетIерлъиялда, хадурккунги гIадамазул хIажалъабазухъ кIвар кьун балагьизе сахлъиги, халатаб гIумруги кьеги гьеб захIмат бокьулеб коллективалъе.

**ИсмагIелил ПатIимат**
**Гьарадирихъ росу**

ДОКУМЕНТ

# Правительство Республики Дагестан

от 30 мая 2017 г. №117 **Постановление** г. Махачкала

**Об установлении величины прожиточного минимума на душу населения и по основным социально-демографическим группам населения в Республике Дагестан за I квартал 2017 года**

В соответствии с Законом Республики Дагестан от 6 июля 2005 года № 28 «О прожиточном минимуме в Республике Дагестан» Правительство Республики Дагестан постановляет:

Установить величину прожиточного минимума в Республике Дагестан за I квартал 2017 года на душу населения 9 278 рублей, для трудоспособного населения - 9 562 рубля, пенсионеров - 7 359 рублей, детей - 9 372 рубля.

**Председатель правительства РД,**
**А. Гамидов**

КЪАЛАМ ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Дуца гьудуллъун ккве квер гIатIидаб «Гумбет» газета

**Подписка – 2017 (кIиабилеб бащдаб лъагIел)**

**ХIурматиял районцоял! Унеб буго 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие нилъерго районалъул «Гумбет» газета хъвай. Гьеб хъвазе бегьула почалъул отделенияздасанги «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.**

**ХIурматиял росабазул поселениязул бутIрул, газета цIалулел! ХIаракат бахъе 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «Гумбет» газеталъе подписка гьабизе.**

**Газеталъул багьа: почалдасан 199,86 гъурущ, редакциялдасан 100 гъурущ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

2017 СОН – ЭКОЛОГИЯЛЪУЛ СОН

# Централияб библиотекаялда данделъи

**Гумбет районалъул централияб библиотекаялда тIобитIана школлъималги библиотекаялъул хIалтIухъабиги гIахьаллъун, экологиялъул сонлъун лъазабураб 2017 лъагIел кIодо гьабун ва 5 июнь тIабигIат цIуниялъул ТIолгодунялалъулкьоялъул хIурматалда, данделъи. Тадбир бачана районалъул библиотекаялъул лъималазулгун гIолилазул отделалъул нухмалъулей Хадижат ГIабдунасировалъ.**

Гьелъ бицана тIабигIат цIунизе, гьеб бечед гьабизе, тIабигIаталдехун лъикIаб тIалаб-агъаз букIине ккеялъул.

Лъималаз жигараб гIахьаллъи гьабуна викторинаялда, жавабал кьуна суалазе.

Данделъиялда гьоркьоб



лъуна рохьал, харибакIал, лъим чороклъиялдаса цIуниялда хурхун гьаризесел тадбиразул хIакъалъулъ суалги. ЦIалана тIабигIаталъул хIакъалъулъ кучIдул.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Гумбет районалъул школал лъугIунез кьолел руго началихъиял экзаменал

**Гумбет районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалда гIуцIараб пункталда кьолел руго 11 класс лъугIунез цогояб началихъиял (ЕГЭ) ва 9 класс лъугIунез аслияб началихъиял (ОГЭ) экзаменал.**

кколел шартIал гIуцIун руго, - ян абуна пунктальул нухмалъулев **ХIассан ГIалихIажиевас**. ВидеохалгьабиялЪул онлайн система, махх балагьулеб алат ва цогидабги хIадурун букIана. Хасаб хIадурлъи щварав ул специалист **Сурхай Сурхаевас** бицана экзаменал кьолаго арал созназда ккарал гьалатIал такрарлъунгутIиялъе тадбирал гьарунин ва исана ЕГЭ ва ОГЭ кьей лъикI тIобитIиялъе рукIине кко-



11 класс лъугIунез базовияб кIвараЛъул началихъияб экзамен кьуна хIисаб гIелмуялъул ва гIурус мацIалъул. 9 класс лъугIунез тIадаб, аслияб, началихъияб экзамен кьуна гIурус мацIалъул ва хIисаб гIелмуялъул. Кьолел руго лъималаз тIаса рищарал предметазул экзаменалги.

- Экзаменал къабул гьарулеб пунктальда рукIине 38 гIуцIарухъан, гIадлунизам цIунизе ва хIинкъи гьечIолъи букIинабизе Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул хIалтIухъаби руго. ВачIуна сахлъицIуниялъул хIалтIухъанги. ГIахьаллъана жамгIиял халкколел чагIи.

Экзаменал тIоритIиялъул жавабияв, районалъул лъайкьеялъул отделалълел шартIал гIуцIун ругин, гIодобе биччараб ахIвалхIал бугин.

Гьаб соналъ экзаменал кьолел руго 11 класс лъугIунезул 79 ва 9 класс лъугIунезул 167 выпускникас.

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1330
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкалъ къимат кьезелъун.